



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE PREMYE PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2018  
LAN: RETIRE TOUT ZAM A FE NAN MEN AGRESÈ DOMESTIK YO**

*New York pral Egzije Tout Moun yo Kondane pou Vyolans Domestik yo Remèt  
Zam a Fe yo Posede yo, Menm si se pou Deli*

*Vyolans Domestik ak Menas kont Fanm lan yo Gen Lyen ak Nèf nan chak Dis  
Masak an Mas ki Touye Plis Moun nan Istwa Etazini an yo*

*Lè yo Pèmèt yon Patnè Vyolan gen Aksè a Zam a Fe, Risk pou li Touye Lòt Patnè  
a Ogmante Senk Fwa plis*

*Sa ap Reyafime Angajman New York pran pou l Mete sou Pye Lwa sou Kontwòl  
Zam ki pi Solid nan Nasyon an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante premye pwopozisyon Diskou Eta Leta 2018 lan: retire tout zam a fe nan men sila yo ki komèt krim vyolans domestik la yo. Lè nou konsidere lyen inekstrikab ant vyolans domestik ak vyolans ak zam motèl yo, lejislasyon sa a pral egzije pou tout kondanasyon krim vyolans domestik yo, ki gen ladan deli yo tou, fè yo imedyatman retire tout zam a fe yo epi li pral ajoute mezi pou anpeche sila ki komèt vyolans domestik yo mete men yo sou zam a fe nan kad objektif pou evite gen plis trajedi.

“Nou pral sonje ane sa a kòm ane nou vrèman rann nou kont, kote li vin enposib pou nou inyore ni trajedi masak an mas ak asèlman kiltirèl ak enstitisyonèl k ap fèt sou fanm yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pou ajoute sou Ajanda Egalite Fanm (Women's Equality Agenda) lan, nou ap kontinye misyon nou genyen an favè prensip pwogresif ak dwa fanm yo avèk lejislasyon sa pou nou sible relasyon enkontestab ki genyen ant vyolans domestik ak vyolans ak zam lan.”

Sou Gouvènè Cuomo, New York te pwomilge lwa sou kontwòl zam ki pi solid nan nasyon an. Toutfwa, New York pa gen ase lwa an plas ki otomatikman egzije pou retire tout tip zam a fe nan men moun ki enplike nan vyolans domestik yo—ki se yon pwoblèm nou konnen ki etwatman lye a vyolans zam ak lanmò vyolans zam lakoz yo. Nan nèf pami 10 masak an mas ki touye plis moun nan istwa Etazini yo, ki gen ladan masak ki te fèt Las Vegas ak Sutherland Springs yo, moun ki t ap tire a gen dosye yo te komèt vyolans kont fanm, fè menas vyolans kont fanm, oswa asèlman, oswa denigre fanm yo.

Anplis de sa a, lè nou pèmèt patnè vyolan yo gen aksè a zam a fe yo, risk pou yo touye lòt patnè ogmante senk fwa plis. An 2016, yo te itilize zam a fe nan 25 omisid domestik nan New York.

Pwopozisyon sa a ap ajoute sou lejislasyon Manm Asanble Amy Paulin, Senatè Diane Savino ak lòt manm nan lejislati a yo t ap fè vanse avan.

## **Tout Kondanasyon Vyolans Domestik yo Dwe Fè Moun ki Fè yo Pèdi Zam a Fe yo Genyen yo**

Lwa New York la entèdi moun yo kondane pou krim oswa enfraksyon “serye” yo posede zam a fe. Toutfwa, sa pa enkli sèten enfraksyon deli ki enplike vyolans domestik, tankou krim atak ak lè yo bat moun oswa yo etrangle moun. Pou asire tou moun ki fè enfraksyon vyolans domestik la yo dwe respekte menm estanda, Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou enkli deli vyolans domestik yo nan lis enfraksyon ki entèdi yo.

## **Yo Egzije pou yo Remèt bay Fòs Lapolis yo Rif ak Fizi yo tou**

Aktyèlman la, Eta New York la egzije pou yo remèt pistolè a men yo swa lè (1) yon jij òdonè yon òdonans pwoteksyon oswa gen (2) yon sispansyon oswa revokasyon lisans akòz kondanasyon pou yon krim oswa yon enfraksyon serye oswa yon pwofesyonèl swen sante te jwenn yon moun pa kalifye. Toutfwa, remisyon sa a pa toujou aplike pou zam long yo, tankou zam zepòl oswa fizi yo. Pou nou korije vid jiridik sa a, Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon pou aplike menm pwosesis sa a pou yo remèt zam zepòl yo tou.

## **Pou yon Òdonans Pwoteksyon, Jij la Dwe Bay yon Akize Lòd pou I Remèt Nenpòt Tip Zam a Fe yo Genyen**

Aktyèlman la, jij yo bay òdonans pwoteksyon nan ka vyolans domestik yo apre yo arete yon moun, men avan yo kondane yo. Òdonans sa yo lakoz yo sispann lisans zam a fe moun nan yo. Toutfwa, jij la yo bay òdonans sa yo dapre sa yo konprann de ka a epi yo gendwa pa rive bay yo nan tout ka vyolans domestik. Pou nou asire gen inifòmite, Eta a pwopoze lejislasyon k ap egzije pou tout jij yo bay lòd pou moun sa yo remèt tout zam a fe yo genyen yo - pistolè a men ak zam zepòl yo - epi sispan nenpòt lisans zam a fe jiskaske yo rezoud ka.

###